LOJMAN SAN PATIPRI.

SE SA LALWA MANDE.

BILL DE BLASIO, Majistra

KOMISYON POU DWA MOUN NAN VIL NOUYÒK
CARMELYN P. MALALIS, Komisyonè/Prezidan

2014

Komisyon pou Dwa Moun nan Vil Nouyòk
LOJMAN SAN PATIPRI. SE SA LALWA MANDE.

Lojman San Patipri vle di ou gen yon dwa pou rete kèlkanswa kote ou chwazi ak pou yo trete w menm jan ak tout lòt moun dapre menm règ yo. Lwa sou lojman san patipri ankouraje pou tout moun gen menm chans epi li entèdi fè diskriminasyon ki ka diminye chwa anpil gwoup moun genyen nan zafè lojman nan yon fason ki enjis. Komisyon pou Dwa Moun nan Vil Nouyòk fè respekte lwa sa yo nan senk minisipalite yo.

LWA SOU LOJMAN SAN PATIPRI

Lwa sou Dwa Moun nan Vil Nouyòk entèdi fè diskriminasyon nan zafè lojman, travay ak ebèjman piblik nan Vil Nouyòk e li ankouraje yonn konprann lòt ak respè nan mitan divès kalite gwoup ki gen nan Vil la.

Lwa sou Dwa Moun entèdi fè diskriminasyon nan zafè lojman ki baze sou jan yo wè yon moun oswa sou jan moun nan ye reyèlman konsènan ras moun nan, koulè po, Peyi kote li soti, sèks (idantite seksyèl ak arasman seksyèl ladan tou), kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, eta sivil, viv ak patnè, paske se rezidans moun nan genyen, oubyen kondisyon sitwayènte li, laj, okipasyon legal, sous legal nan revni, oswa paske ou gendwa gen timoun k ap viv avèk ou oswa ki pral viv avèk ou. Yo rele sa "klas pwoteje."

Pratik ilegal ki baze sou klas pwoteje sa yo gen ladan:

- Refize vann oswa lwe kay;
- Bay manti nan zafè disponiblite lojman;
- Fikse kondisyon oswa privilèj ki diferan pou vann oswa pou lwe kay;
- Bay sèvis oswa enstalasyon lojman ki diferan;
- Poste piblisite oswa maketing ki fè diskriminasyon, ki endike yon preferans, restriksyon oswa diskriminasyon ki baze sou yon klas pwoteje. Pa egzanp, piblisite ki di "ankenn timoun" oswa "koup marye sèlman", t ap diskriminasyon;
- Refize bay yon aranjman rezonab pou yon moun ki andikape;
- Dirije yon moun nan yon zòn sou baz ras oubyen Peyi kote li soti lè li gendwa ap achte oswa lwe kay – oswa dirije moun nan lwen yon zòn;

Gen yon amannman an mas 2008 nan Lwa Vil la sou Dwa Moun ki ajoute "nenpòt sous legal nan revni" nan lojman kòm yon klas pwoteje.

- Eksplwate chanjman ras oswa lòt chanjman nan yon zòn pou fè presyon sou mèt kay pou vann kay yo (blockbusting); ak,
- Fè menas, fòse oswa kontrenn moun poutèt yo egzèse dwa yo genyen pou lojman san patipri oswa ede lòt moun fè li.

PRATIK SAN PATIPRI NAN ZAFÈ PRETE LAJAN

Lwa sou Dwa moun entèdi labank, koutye ipotèk ak lòt pretè yo fè diskriminasyon nan zafè prete lajan.

Nan pami pratik ilegal nan prete lajan genyen:

- Refize fè yon prè ipotèk pou yon moun k ap aplike ki kalifye;
- Refize bay enfòmasyon konsènan prè;
- Enpoze modalite oswa kondisyon ki diferan sou yon prè, tankou to denterè, pwen oswa frè ki diferan;
- Diskriminasyon nan evalye pwopriyete; ak,
- Refize ipotèk konvansyonèl nan sèten kominote (redlining).

Prè predatè se pratik eksplwatasyon moun k ap aplike pou prè ki retire yo nan mache ipotèk konvansyonèl la ak mache ki kapab senp sou plan finansye. Prè predatè yo fè reklam nan fason agresif pou acha kay ak reparasyon kay oswa prè pou amelyorasyon kay ki gen to denterè tèt nèg ak twòp frè. Lwa pou konsomatè ak kredi egalego entèdi prè predatè. Prè predatè fini ak ekite pwopriyetè kay epi li mete fanmi ki gen ti revni yo nan to denterè peman ki pi gwo pase sa yo kapab peye.

ARANJMAN REZONAB

Pwopriyetè kay, ak administrasyon kowoperatif (co-op) ak kondominyòm yo dwe founi yon aranjman rezonab pou satisfè bezwen moun ki andikape yo. Sèl defans pou refize bay yon aranjman rezonab se si achitèkti a fè aranjman an enposib oswa li t ap poze yon fado ki egzajere sou plan finans. Toude defans yo dwe pwouve.

Aranjman rezonab kapab gen ladan enstalasyon yon ranp nan antre prensipal la pou moun nan chèz woulant, oswa bawo pou pran apui nan twalèt. Yo kapab konsène tou chanjman politik oswa règleman, tankou pèmèt yon lokatè avèg gen yon bèt pou sèvis, mete yon espas disponib pou pakin, oswa pèmèt yon lokatè ki andikape al rete nan yon apatman ki disponib nan etaj anba nèt la.

Si ou gen yon enfimite epi ou bezwen yon aranjman, ou dwe enfòme mèt kay la alekri, epitou idantifye ki kalite aranjman ou bezwen. Mèt kay la gendwa mande dokiman ki sòti nan men yon pwofesyonèl swen sante ki deklare ke w gen yon andikap e ki dekri limit andikap la enpoze nan fonksyonnman w. Ou pa oblije bay mèt kay la dosye medikal ou.

Si yo bay yon aranjman rezonab tankou enstale yon ranp pou moun ki nan chèz woulant, bawo nan apatman yon moun pou li pran apui, oswa bese yon bwat-lèt, sa reprezante yon diskriminasyon dapre Lalwa.

Pifò plent nan Komisyon an ki gen rapò ak andikap rezoud nan entèvansyon anvan yo plent pote. Malgretou, lè defans dwa moun pa gen siksè, yo ankouraje moun pote yon plent ofisyèl bò kote Komisyon Pou Dwa Moun Nan Vil Nouyòk (gade nan paj 9). Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan aksè pou moun andikape, tanpri li *Aksè Egalego CCHR a: Se Sa Lalwa Mande.*

KI KALITE DISKRIMINASYON

Tretman ki trè diferan

Fòm ki pi kouran pami tout diskriminasyon konsène trete moun diferaman poutèt yo fè pati yon klas pwoteje. Se sa yo rele tretman ki trè diferan. Nan yon zafè lojman pa egzanp, pratik yon sipèentandan pou fè reparasyon pou lokatè Dominikèn men li pa fè pou lokatè Amerik Santral t ap reprezante yon diskriminasyon. Si sa pwouve, li t ap yon fòm diskriminasyon ak tout entansyon, ki baze sou jan yo wè yon moun oswa sou jan moun nan ye reyèlman konsènan Peyi kote li soti.

Arasman ki gen diskriminasyon kapab reprezante yon tretman ki trè diferan si li baze sou sèks yon moun, ras li, Peyi kote li soti, relijyon, preferans seksyèl oswa lòt klas pwoteje. Arasman ki gen diskriminasyon gen pou wè ak kòmantè endezirab oswa konduit ki kreye yon "anviwònman deza-greyab." Arasman seksyèl se yon fòm kouran pou arasman ki gen diskriminasyon.

Efè ki trè diferan

Efè ki trè diferan dekri yon fòm diskriminasyon kote yon règleman ki sanble san patipri gen yon efè ki pa egal oswa ki trè diferan sou yon gwoup pwoteje menmsi pa gen okenn entansyon pou fè diskrimi-nasyon. Nan yon zafè lojman, yo jwenn kòm ilegal òdonans zonaj ki entèdi lojman sibvansyone oswa fwaye an gwoup pou moun ki andikape sou plan devlòpman paske konsekans règleman sa yo gen yon efè ki trè diferan sou minorite yo oswa sou moun ki andikape. Yon lòt egzanp ta yon politik zewo tolerans ki degèpi lokatè ki patisipe nan pwoblèm oubyen abi familyal, paske plis pase 90% nan viktim vyolans familyal yo se fanm. Pakonsekan, règleman sa a ta gen yon efè ki trè diferan, ki baze sou sèks, ki se yon klas pwoteje.

KI KALITE LOJMAN KI PWOTEJE?

Lwa sou Dwa moun nan pwoteje kont diskriminasyon moun ki abite ak moun k ap aplike nan pifò kalite lojman nan Vil Nouyòk. Ou pwoteje anba lwa a si ou abite nan:

- Lojman prive;
- Lojman piblik oswa ki gen sibvansyon leta;
- Kowoperatif lojman ak kondominyòm;
- Otèl Rezidansyèl (otèl de pasaj yo konsidere kòm lojman piblik);
- Kay pou de-fanmi kote mèt kay la abite ladan tou, si mèt kay la fè apatman pou lwe a disponib pou piblik la nan piblisite oswa nan avi piblik.

Lwa a wete chanm nan yon kay kote pwopriyetè a abite, tankou pa egzanp nan apatman yon moun oswa nan kay plizyè chanm. Li pèmèt tou lojman ki deziyen sèlman pou granmoun aje oswa pou moun andikape dapre sèten restriksyon leta, ansanm ak kay tou nan tip-dòtwa espesyalman pou tèl sèks.

KI MOUN KI KA POTE RESPONSABLITE POU DISKRIMINASYON NAN ZAFÈ LOJMAN?

Nenpòt moun ki gen otorite pou lwe, vann oswa negosye ak moun k ap aplike, oswa moun ki abite nan yon kay gendwa responsab pou pratik ilegal. Sa konsène pwopriyetè, sipèentandan, ajan lokasyon ak manadjè, koutye ak ajan imobilye, ak manm konsèy lojman kowoperatif ak kondominyòm yo. Jounal ki ekri piblisite ki gen diskriminasyon ka responsab poutèt yo pibliye

BYEN IMOBILYE

Tout piblisite pou byen imobilye nan jounal sa a anba Lwa Federal ane 1968 sou Lojman San patipri (Federal Fair Housing Act), dapre nouvo vèsyon li nan lane 1988, ki fè li ilegal pou fè piblisite "kèlkanswa preferans, limit oswa diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, andikape, kondisyon fanmi oswa peyi kote moun soti, osinon entansyon pou fè yon preferans, limit oubyen diskriminasyon konsa." Jounal sa a p ap aksepte volontèman ankenn piblisite pou byen imobilye ki vyole lwa a. Ak deklarasyon sa a, nou enfòme lektè nou yo ke tout lojman nou fè piblisite pou yo nan jounal sa a, yo disponib ak menm chans pou tout moun. Pote pote plent pou diskriminasyon, rele HUD gratis nan 1-800-689-9777. Nimewo Telefòn pou apèl gratis pou moun ki gen pwoblèm tande se 1-800-927-9275. Oubyen rele ajans kont Diskriminasyon nan Nouyòk (Ajans Lojman san Patipri pou 5 awondisman Nouyòk yo) nan 212-346-7600, oswa Nimewo Espesyal Komisyon pou Dwa Moun nan Vil Nouyòk nan 212-306-7500

anons ki transmèt restriksyon ki gen diskriminasyon. Enstitisyon prè yo, tankou labank ak koutye ipotèk, konpayi asirans, ak evalyatè yo ka responsab tou pou diskriminasyon nan lojman.

DISTENKSYON ANT LOJMAN SAN PATIPRI AK DWA LOKATÈ

Gen kèk moun ki konfonn dwa pou lojman san patipri ak dwa lokatè. Dwa pou Lojman san patipri entèdi diskriminasyon nan vann, lwe ak finanse kay pou ou rete, ki baze sou jan yo wè w oswa sou jan ou ye reyèlman konsènan ras ou, koulè po w, Peyi kote w soti, sèks (idantite seksyèl ak arasman seksyèl ladan tou), kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, eta sivil, viv ak patnè, paske se rezidans ou genyen, oubyen kondisyon sitwayènte w, laj, okipasyon legal, sous legal nan revni, oswa paske ou gendwa gen timoun k ap viv avèk ou oswa ki pral viv avèk ou. Dwa pou Lojman san patipri pa okipe dirèkteman zafè mèt/lokatè kay, tankou lwaye, sèvis bilding oswa reparasyon sòf si gen tretman ki trè diferan poutèt ou fè pati yon klas pwoteje.

Dwa Lokatè okipe de obligasyon mèt kay, tankou garanti ki moun ka abite nan kay la, peman lwaye ak renouvèlman kontra-lwaye. Sepandan, lè konduit yon mèt kay konsène tretman ki trè diferan poutèt yon moun fè pati yon klas pwoteje, arasman ki gen diskriminasyon oswa refize yon aranjman rezonab, li ka vyole Lwa sou Dwa moun yo.

Men kèk egzanp kote pwoblèm lokatè ak diskriminasyon nan lojman ka monte yonn sou lòt:

- Yon mèt kay mande yon moun k ap aplike ki gen timoun oswa ki gen yon enfimite yon pi gwo depo sekirite pase sa li mande yonn ki san timoun oswa ki pa enfim.

- Yon lokatè akize sipèentandan an ap fè reparasyon sèlman ann echanj pou fè sèks; sa t ap yon fòm diskriminasyon akòz sèks, ke yo rele arasman seksyèl.

- Lokatè yo akize ke yo refize fè reparasyon pou yo poutèt peyi kote yo soti, alòske lokatè ki gen lòt zansèt jwenn reparasyon.

- Yon mèt kay refize pèmèt yon rezidan andikape gen yon bèt pou sèvis oswa pou sipò emosyonèl paske sa ta va vyole kondisyon "ankenn bèt" ki nan kontra-lwaye a; mèt kay la oblije bay yon aranjman rezonab (akondisyon sa p ap poze yon fado ki egzajere), ki ta pèmèt pa aplike kondisyon sa a nan kontra-lwaye a.

- Yon mèt kay refize pèmèt dwa siksesyon a patnè domestik ki vivan an malgre li te gen relasyon pandan lontan e viv an komen ak okipan prensipal la. Règleman Lwaye gen pwoteksyon tou pou patnè domestik.

- Yon manadjè bilding refize transfere yon fanmi Mizilman ki kalifye nan yon apatman pi gwo ki disponib, malgre li abitye aksepte demann transfè.

Anba a gen kèk egzanp kote pwoblèm lokatè pa gen yon vyolasyon dwa sivil ladan:

- Mèt kay la pa bay chofaj nan yon bilding ki gen divès kalite ras ladan; tout moun trete menm jan paske chofaj se yon sèvis nan tout bilding nan.

- Sipèentandan an mande moun k ap aplike yo "lajan pou transfere lwaye (key money)"; si yo egzije li nan men tout aplikan, se pa diskriminasyon, byenke li vyole lòt lwa eta.

- Manadjè bilding lan pa fè reparasyon pou ankenn lokatè nan yon bilding ki gen divès kalite ras ladan. Lokatè kapab abòde mank sèvis yo nan lòt fason (pa egzanp, yo ka pote plent nan NYS Division of Housing and Community Renewal oswa yo ka òganize yon asosyasyon lokatè).

- Mèt kay la refize pentire apatman yon lokatè ki andikape, ansanm ak apatman vwazen ki pa gen andikap yo tou; andikap li a pa yon faktè nan refi a.

- Yon manadjè bilding refize transfere yon fanmi Mizilman paske fanmi an gen yon istwa de aryere nan lwaye.

ANKÈT AK KESYON ILEGAL

Founisè Lojman yo gen dwa fè ankèt sou aplikan. Yo ka fikse kalifikasyon dapre finans ak kredi, yon pwosesis ki bay enpe asirans ke aplikan an pral yon bon lokatè. Kalifikasyon ak demann ransèyman dwe aplike egalego pou tout aplikan epi li pa dwe gen enfliyans ras, peyi kote moun soti oubyen lòt faktè pwoteje.

Ankèt la kapab gen ladan tcheke kredi, travay ak referans mèt kay, vizite kay ak entèvyou. Kèlkeswa kritè ankèt ki kalifye ke yon mèt kay itilize, li dwe aplike egalego pou tout aplikan.

Anjeneral, Lwa sou Dwa Moun entèdi founisè lojman yo poze kesyon dirèk oswa endirèk ki ka revele klas pwoteje yon moun.



Sepandan, yo otorize poze kesyon ki la pou kalifye w pou lojman pou granmoun aje oswa pou moun ki gen andikap.

Men egzanp kesyon ki kapab prèv diskriminasyon:

- Èske w gen yon andikap?
- Ki relijyon w?
- Ki laj ou?
- Ki kote ou fèt?
- Èske w se omoseksyèl?
- Èske w marye?
- Ki ras ou?

Men lòt egzanp kesyon ki kapab prèv diskriminasyon:

- Egzije pou ou soumèt dokiman medikal (sòf si ou mande yon aranjman pou yon andikap);
- Egzije yon sètifika maryaj;
- Egzije yon paspò, batistè oswa nenpòt dokiman ki devwale laj ou, ras, peyi kote ou soti oswa ki di se rezidans ou genyen oubyen sitiyasyon sitwayènte w; ak,
- Egzije foto w ansanm ak aplikasyon w lan. Yo ka mande w bay I.D. ou men egzijans sa a dwe toujou aplike pou tout aplikan e li pa dwe rete sou yon fòm idantifikasyon espesyalman, pa egzanp lisans chofè.

POU POTE PLENT

Si w kwè ou te viktim diskriminasyon nan zafè lojman nan Vil Nouyòk, ou ka depoze yon plent nan Law Enforcement Bureau of the City's Commission on Human Rights (Biwo Aplikasyon Lalwa nan Komisyon Vil la sou Dwa Moun). Ou gen yon ane apatide dènye ensidan diskriminasyon an pou depoze yon plent. Ou gen twa ane pou fè yon pwosè nan tribinal sivil.

Sèten plent gen ladan yon mal k ap kontinye ki pwolonje delè limit pou aksyon fèt. Pou pran yon randevou, tanpri rele (212) 306-7450 oswa rele 311. Si ou pa kapab ale nan biwo Komisyon an, yo pral fè lòt aranjman.



Lè w depoze yon plent, li deklannche yon ankèt sou fondman akizasyon yo ak posibilite pou yon jijman devan yon jij lalwa administratif, si reyalite yo garanti sa.

REPREZAY

Reprezay se yon zak pou fè mal ke founisè lojman fè kont rezidan an oswa moun k ap aplike pou lojman an paske moun sa a pwoklame dwa li, tankou pa egzanp li depoze yon plent oswa li sèvi kòm temwen nan yon ankèt sou lojman san patipri. Reprezay kapab pran fòm refize founi sèvis, reta nan bay sèvis oswa menas degèpisman. Li ilegal pou fè vanjans kont yon moun ki di gen diskriminasyon oswa k ap ede nan yon ankèt pou diskriminasyon, menm si akizasyon anvan an pa te kore ak ase prèv.

REKOU

Komisyon an gen gwo pouvwa rekou. Li ka bay lòd pou yon founisè lojman:

- Vann oswa lwe yon kay;
- Bay reparasyon oswa sèvis;
- Refize bay yon aranjman rezonab pou yon moun ki andikape;
- Sispann arasman;

- Peye yon viktim domaj-ak-enterè pou detrès emosyonèl ak depans dirèk li fè;
- Aplike règleman kont-diskriminasyon, tankou yon chanjman nan pwosedi reparasyon oswa transfè;
- Diskriminasyon nan evalye pwopriyete; ak,
- Mete dosye yo disponib pou siveye pratik li yo;
- Mete apatman disponib pou manm ki nan yon klas pwoteje; ak,
- Peye vil la penalite sivil ki rive jiska $250,000.

KONBAT DISKRIMINASYON NAN LOJMAN

- Tabli òganizasyon bilding oubyen kominotè ki bay sipò pou lojman onèt, devwale diskriminasyon ak reprezante tout rezidan yo.
- Ede moun ki viktim diskriminasyon, pa egzanp bay sipò pou fanm ki sibi arasman seksyèl.
- Akeyi nouvo vwazen ki gen orijin diferan.
- Òganize aktivite bilding ak kominotè, tankou fèt oswa fwa nan yon blòk, ki rasanble ansanm moun ki sòti nan divès orijin.
- Kanpe kont pratik gwo presyon demann sektè imobilye a, tankou

© Corbis

prè predatè, ki minen estabilite kominote a.
- Kanpe kont arasman (anonim oswa ke yo konnen) ki fè presyon sou pwopriyetè kay oswa koutye pou pa vann yon achtè ki kalifye ki gen orijin diferan. Diskriminasyon nan evalye pwopriyete; ak, Sèvi kòm volontè antan yon moun k ap fè tès pou yon òganizasyon lojman san patipri.

NIMEWO ITIL

Pou pote plent kont diskriminasyon nan Travay, Lojman ak Ebèjman Piblik
NYC Commission on Human Rights
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Pou pote plent pou Chofaj ak Dlo Cho nan Vil Nouyòk
NYC Department of Housing Preservation and Development
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Antretyen Bilding ak Vyolasyon Konsènan Apatman nan Vil Nouyòk ki anba règleman kontwòl lwaye
NYC Department of Housing Preservation and Development
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye pou Sitwayen Aje (SCRIE, Senior Citizen Rent Increase Exemption)
New York City Department for the Aging
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye pou Moun ki Enfim (DRIE, Disability Rent Increase Exemption)
New York City Department of Finance
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Konsèy sou Ipotèk ak Prevansyon Prè Predatè
NYC Commission on Human Rights
Rele 718.886.6162
TTY – 212.504.4115

Enfòmasyon, Plent, Sèvis Konsènan Lojman Vil la posede
NYC Housing Authority (NYCHA)
NYC Citizen Service Center - **311**
Andeyò Vil Nouyòk, rele 212.639.9675
TTY – 212.504.4115

Kesyon/Plent konsènan Apatman nan Vil Nouyòk ki anba règleman kontwòl lwaye
NYS Division of Housing and Community Renewal
Liy pou enfòmasyon sou Lwaye
718.739.6400

Plent pou Diskriminasyon nan Lojman Federal
US Department of Housing and Urban Development
800.669.9777

Diskisyon ant Mèt kay/Lokatè nan Lojman Federal
US Department of Housing and Urban Development
800.685.8470
TTY - 800.432.2209

KOMISYON POU DWA MOUN NAN VIL NOUYÒK

100 Gold Street
New York, NY 10038
www.nyc.gov/cchr

Sèvis Relè nan Nouyòk:
Anglè: (800) 421-1220 Panyòl: (877) 662-4886

Rele 311 pou sèvis leta nan Vil Nouyòk ak Sant Enfòmasyon ki fonksyone 24è sou 24, 7 jou sou 7. Asistans pou moun k ap rele a disponib nan 170 lang.

MANHATTAN
100 Gold Street, Suite 4600
New York, NY 10038
R rive City Hall
2 3 4 5 A C J Z rive Fulton St./Broadway-Nassau
M5 rive Broadway ak Fulton St.
M15 rive Water St. ak Fulton Sts.
M9, M103 rive Park Row ak Pace University
M22 rive Frankfort ak Gold Sts.

BRONX
1932 Arthur Avenue, Suite 203A
Bronx, NY 10457
4 rive East Burnside Ave.
5 rive East Tremont Ave., West Farms Square.
BX40, BX42 rive Arthur Ave.

BROOKLYN
275 Livingston Street, 2nd Fl.
Brooklyn, NY 11217
2 3 4 5 rive Nevins St.
R M B Q rive DeKalb Ave.
B37, B41, B45, B67 ak B103 a Livingston ak Nevins Sts.
B25, B26, B38 ak B52 rive Fulton ak Bond Sts.

STATEN ISLAND
60 Bay Street, 7th Fl.
Staten Island, NY 10301
Opoze Staten Island Ferry.
Staten Island Railroad rive St. George.
S42, S46, S48, S51, S61, S62, S66, S67, S74, S76, S78, S81, S84, S91, S92, S96, S98 rive Bay St., S40, S44, S52, S90, S94 rive Richmond Terrace.

QUEENS
153-01 Jamaica Avenue, Room 203
Jamaica, NY 11432
J Z E rive Jamaica Center-Parsons/Archer.
F rive Parsons Blvd. ak Hillside Ave.
Q25, Q34, Q65 rive Jamaica Center-Parsons/Archer.
Q6, Q8, Q9, Q41, Q54, Q56, Q110 rive Parsons Blvd. ak Jamaica Ave.
Q30, Q31, Q44, Q83 rive Jamaica Ave. entre 153rd St. ak Parsons Blvd.
Q111, Q112, Q113 rive 153rd St. ant Jamaica Ave ak 90th Ave.

Enprime sou papye resikle ki gen 30% matyè resikle apre konsomasyon..



Afich pou pwofesyonèl byen imobilye ak ajans sèvis pou lojman. Kontakte Komisyon an pou jwenn kopi ann Anglè oswa Panyòl.